

ODYANS PIBLIK POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI

Metropolitan Transportation Authority, sou non MTA New York City Transit ak filiyal li yo; MTA Long Island Rail Road; MTA Metro-North Railroad; MTA Construction & Development; ak MTA Bus Company (nou rele yo ansanm "MTA"), pral òganize yon odyans piblik pou mande kòmantè sou pwopozisyon sibvansyon federal MTA yo pou Ane Fiskal Federal 2026 la. Odyans sa a pral fèt nan yon fòm ibrid, sa ki pèmèt patisipasyon an pèsòn ak vityèl atravè platfòm anliy Zoom ak fonksyon konferans telefonik, epi li pral gen ladan l yon difizyon an dirèk sou sit entènèt odyans Pwojè Enfrastrikti MTA 2026 la.

MTA a resevwa lajan federal dapre Federal Transit Administration (FTA) ki pou U.S. Department of Transportation anba Seksyon 5307, 5309, 5310, 5337, 5339 ak 5340 nan Title 49, United States Code (49 U.S.C. 5300 et seq.), ansanm ak Bipartisan Infrastructure Law (Surface Transportation Act ak lòt alokasyon federal). Gouvènè Eta Nouyòk la, otorite lokal yo, ak operatè sèvis transpò piblik yo chwazi MTA a kòm moun ki resevwa sibvansyon sa yo.

Lajan yo mande a se pou kategori pwojè enfrastrikti ki mansyone pi ba a epi ki dekri pi byen nan MTA Proposed Program of Projects. MTA Proposed Program of Projects a disponib pou w li sou **https://mta.info/2026-capital-projects-hearing** oswa lè w rele nimewo kontak nou bay pi ba a. MTA mande epi ankouraje kòmantè founisè transpò prive yo. Amelyorasyon enfrastrikti nan kad Pwogram sa a jeneralman fèt nan rezo MTA a oswa sou byen Eta oswa vil la. Acha byen oswa relokasyon yo pral fèt ann akò avèk lwa ak egzijans regilasyon ki enpòtan yo. Pwojè ki nan odyans sa a fè pati Pwogram Enfrastrikti 2020-2024 ak 2025-2029 ki te apwouve yo.

Metropolitan Planning Organizations pou rejyon metwopoliten Nouyòk la te apwouve pwojè enfrastrikti yo, oubyen yo prevwa apwouve yo, epi yo koresponn ak State Implementation Plan jan Amannman Lwa sou Lè Pwòp 1990 la egzije sa. Yo pa prevwa pwojè yo pral gen okenn gwo enpak negatif sou anviwònman an. Si FTA a prepare yon deklarasyon enpak anviwònman fòmèl sou nenpòt nan pwojè yo pwopoze yo, MTA a ap pibliye yon avi piblik pou rann deklarasyon an disponib. Yo pral respekte tout egzijans legal ki gen rapò ak granmoun aje yo ak moun ki andikape yo.

Yo prevwa kouvri nenpòt diferans ant pri pwojè yo ak montan sibvansyon federal la ak lajan ki disponib nan youn oswa plizyè nan sous ki annapre yo: Lajan ajans leta, lokal, ak afilye (tankou MTA Bridges and Tunnels oubyen MTA); kredi pou pati pwojè ki pa federal ki pwodui nan revni peyaj yo ann akò avèk lwa federal la (23 U.S.C. 120 (i)); oubyen lavant pwopriyete oubyen revni pwogram.

Nan Ane Fiskal Federal 2025 la, MTA te resevwa 925.4 milyon dola nan lajan Seksyon 5307 yo, 1.221 milya dola nan lajan Eta Bon Reparasyon Seksyon 5337 yo, ak 30.8 milyon dola nan lajan Bus ak Lokal Bus Seksyon 5339 yo. Repatisyon pou Ane Fiskal Federal 2026 la poko disponib. Anjeneral, pou pifò kategori finansman, fòk gen yon kontribisyon lokal ki egal a 20 pousan nan lajan federal yo pou asistans enfrastrikti.

KATEGORI PWOJÈ / DEMANN FEDERAL KI ESTIME (Dola an Milyon)

LONG ISLAND RAIL ROAD		CONSTRUCTION & DEVELOPMENT	
Kategori Pwojè	\$M	Kategori Pwojè	\$M
Estasyon	\$244.00	Lòt Agrandisman Rezo	\$373.70
Ray	164.00	Total Construction & Development	\$373.70
Estrikti Liy	44.00		
Kominikasyon ak Siyal	21.00		
Magazen ak Lakou	18.00		
Kouran	99.50		
Lòt bagay	33.50		
Total LIRR	\$624.00		
		NEW YORK CITY TRANSIT	
Kategori Pwojè	\$M	Kategori Pwojè	\$M
Bato	\$4.20	Seksyon Subway	\$6,850.00
Estasyon	60.76	Ranplasman Bus yo	425.00
Ray ak Estrikti	256.30	Estasyon Pasaje	3,280.00
Kominikasyon ak Siyal yo	301.12	Vwa Prensipal	80.00
Kouran	10.00	Estrikti Liy	895.00
Magazen ak Lakou	0.80	Siyal ak Kominikasyon	65.00
Lòt bagay	2.80	Kouran	90.00
Grand Central Artery	134.34	Magazen ak Lakou	160.00
Total MNR	\$770.32	Depo	220.00
		Sèvis Machin	25.00
		Lòt bagay	425.00
		SIRTOA	71.00
		Total NYCT	\$12,586.00
		GWO TOTAL MTA	
			\$14,381.57
MTA BUS COMPANY			
Kategori Pwojè	\$M		
Ranplasman Bus	21.95		
Lokal	5.60		
Total MTA BUS COMPANY	\$27.55		

Dat, Lè ak Kote Odyans Piblik Ibrid la ap fèt

Madi 3 fevriye 2026

Odyans lan kòmanse a 6:00 PM.

Enskripsyon moun k ap gen pou yo pale yo ap ouvri a 5:30 PM epi l ap fèmen a 6:30 PM.

MTA Headquarters, 2 Broadway, 20th Floor, William J. Ronan Board Room, New York, NY 10004.

Fason pou w ale

Pran Subway: Pran **4** **5** pou ale Bowling Green; **R** **W** pou ale Whitehall Street; **1** pou ale South Ferry oswa **J** **Z** pou ale Broad Street.

Pran Bus: M15, M15 SBS, M20, M55, SIM1, SIM1C, SIM4C

Pran Staten Island Ferry: Pran Staten Island Ferry pou ale South Ferry Terminal

Fòm Odyans Piblik

Sa a pral yon odyans piblik ibrid ak patisipasyon an pèsòn ak atravè platfòm sou entènèt Zoom ak fonksyon konferans telefonik, ak yon difizyon an dirèk disponib sou sit entènèt odyans Pwojè Enfrastrikti MTA 2026 la **https://mta.info/2026-capital-projects-hearing**.

Enskri pou w pale nan Odyans Piblik la

Moun ki enterese pou pale nan odyans piblik la dwe enskri davans. **Chak moun k ap pale ki enskri gen de (2) minit pou l pale.**

Pou w enskri pou w pale ou ka 1) enskri anliy sou **https://mta.info/2026-capital-projects-hearing**, oswa 2) **rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777** (Ajan nan telefòn yo ap disponib soti 6 a.m. rive 10 p.m. chak jou) oswa 3) enskri **an pèsòn** nan odyans lan. Ou ka voye kòmantè ekri epi mande plis enfòmasyon atravè menm opsyon ki mansyone pi wo a. Enskripsyon ap ouvri 2 janvyè 2026, e l ap fèmen a 6:30 p.m. 3 fevriye 2026. Nou dwe voye tout kòmantè ekri yo anvan 6:30 pm 3 fevriye. Yo pral transkri kòmantè yo epi mete yo kòm yon pati nan dosye pèmanan odyans sa a.

Pou w wè yon kopi pwogram pwojè konplè MTA a

Yon lis konplè pwojè ki kalifye pou finansman nan kad pwopozisyon sa a disponib sou plas ak sou sit entènèt MTA a sou **https://mta.info/2026-capital-projects-hearing**. Pou w resevwa yon kopi Pwogram Pwojè Konplè MTA a ki tradui, tanpri kontakte nou anvan madi 3 fevriye 2026.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou anplasman piblik la ka gade ak sou pwojè ki kalifye pou finansman sou sit entènèt MTA a oubyen lè w kontakte MTA a nan adrès ki pi ba a. MTA pral mete pwogram final pwojè yo disponib tou sou sit entènèt li a sou **https://mta.info/transparency/grant-management** pou pwojè Seksyon 5307 yo finanse lè FTA a bay sibvansyon federal pou ane fiskal 2026 la.

Lòt fason pou w fè kòmantè oswa mande enfòmasyon

Pa lapòs: Pou w voye kòmantè, pou plis enfòmasyon, oswa pou w mande kopi aplikasyon a ak pwogram final pwojè yo pou w voye bay FTA a, lèt yo dwe ale nan adrès sa a: **MTA Capital Program Funding / Grants Management, RE: 2026 Capital Projects Public Hearing, 2 Broadway, D16.94, New York, NY 10004.**

Aksesiblite ak Sèvis Asistans Lang



Nan odyans piblik yo, ap gen sèvis Lang Siy Ameriken ak Soutitraj CART k ap disponib.

Pou moun ki soud oswa ki gen pwoblèm pou yo tande ka itilize sèvis transmisyon yo prefere a oswa sèvis transmisyon 711 gratis la pou yo konekte ak Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777.

Pou Moun ki Avèg oswa ki Pa Wè byen ka mande aranjman nan dat oswa anvan 26 janvyè 2026, voye yon demann sou entènèt sou **https://mta.info/2026-capital-projects-hearing** oswa y ap rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777.

Pou moun ki pa gen aksè ak Entènèt ka antre nan odyans lan lè yo rele reyinyon Zoom nan ki nan nimewo 1-646-828-7666 epi antre ID Reyinyon an: 160 726 7386, epi peze siy dyèz la (#).

Pou asistans lang oswa lòt aranjman:

Tanpri voye yon demann omwen senk jou ouvrab anvan dat odyans lan sou entènèt, pa telefòn, oswa pa lapòs.

